

Divòs

Yon divòs rele "Disolisyon Maryaj." Se disolisyon legal yon maryaj pa tribinal la. Ou pa bezwen gen yon avoka ki reprezante w, men li toujou pi bon pou w jwenn konsèy nan men yon avoka si w kapab.

Sa pou konsidere

Enpak finansye Divòs la

Yon divòs pral afekte:

- dwa ou genyen pou eritye nan men mari oswa madanm ou,
- kapasite w pou w resevwa Benefis Sekirite Sosyal nan men mari oswa madanm ou, epi
- sa gen anpil chans pou l mete fen nan kapasite w pou w kouvri sou asirans sante mari oswa madanm ou.

Paran yo dwe swiv Lwa sou Relokalizasyon an

Lè yon ka tribinal annatant devan tribinal la oubyen yon Plan Parantal final an plas, lalwa sou relokalizasyon an aplike. Relokalizasyon se lè yon paran demenaje plis pase 50 mil pou plis pase 60 jou. Yon paran pa ka demenaje ak timoun yo san yo pa swiv [lwa relokalizasyon an](#). Lwa sou relokalizasyon an fikse règ yon paran dwe swiv lè l ap relokalize avèk akò lòt paran an, **epi** règ pou swiv san akò lòt paran an. Si yon paran pa respekte lwa sou relokalizasyon an, sa ka fòse l retounen nan zòn kote l te konn rete a, peye depans tribinal lòt pati a, epi sa ka menm fè l pèdi tan pou l pase ak timoun yo.

Mande pansyon alimantè oubyen renonse dwa ou genyen pou resevwa li

Ou dwe mande pansyon alimantè nan pwosesis divòs ou a. Ou p ap gen dwa mande l apre ka divòs la fini.

Oto-Èd Tribinal Florid yo

Pou moun k ap eseye depoze yon ka nan tribinal fanmi an Florid, vizite paj entènèt Tribinal Florid yo pou yon [kote pou ede tèt ou nan konte w la](#).

Pwosesis Divòs la

Nan yon disolisyon maryaj, yon moun marye ka mande:

- Distribisyon Ekitab
- Pansyon alimantè
- Responsablite parantal
- Plan parantal
- Pansyon alimantè pou timoun

Si tout sa w ap mande a se pou tribinal la divòse w, ou ka kapab depoze yon "Disolisyon Senplifye". Pou depoze yon disolisyon senplifye, ou dwe:

1. Pa gen timoun,
2. Pap mande pansyon alimantè,
3. Pa gen okenn diskisyon sou divizyon dèt oswa byen, epi
4. Ou menm ak mari oswa madanm ou dwe dispoze pou ale bò kote grefye tribinal la epi siyen petisyon an.

Kijan pou Depoze yon Demann Divòs na Tribinal la

Lakou Siprèm Florid la apwouve fòmilè ou ka itilize pou depoze yon demand divòs ou poukont ou. Ou ka jwenn fòmilè yo nan www.flcourts.org anba seksyon Fòm Lwa Fanmi sou sit la epi li gen enstriksyon detaye pou ede w ranpli epi depoze fòm yo.

Gen diferan [Petisyon](#) pou diferan sitiasyon:

- Petisyon pou Disolisyon Maryaj Senplifye – **fòm 12.901 (a)**
- Akò pou Disolisyon Maryaj Senplifye – **fòm 12.902 (f)(3)**
- Petisyon pou Disolisyon Maryaj ak Depandan oswa Timoun Minè (yo) – **fòm 12.901 (b)(1)**

- Petisyon pou Disolisyon Maryaj ak Byen men San Depandan oswa Timoun Minè – **fòm 12.901 (b)(2)**
- Petisyon pou Disolisyon Maryaj san Depandan oswa Timoun Minè oswa Pwopriyete – **fòm 12.901 (b)(3)**

Ka kote gen timoun ki enplike yo dwe gen ladan Afidavit Inifòm pou Jirisdiksyon ak Egzekisyon Gad Timoun – **fòm 12.902(d)**.

Si ou pa gen mwayen pou peye frè tribinal yo, ou ka depoze yon “[Aplikasyon pou Detèminasyon Sitiyasyon Endijan Sivil](#).” Ou kapab mande yon kopi fòm lan nan men greffye tribinal la tou.

Chak ka ap mande fòm sila yo, ki disponib tou sou seksyon [Oto-èd](#) sit entènèt tribinal Florid yo:

- Somasyon – **fòm 12.910(a)**
- Afidavit Finansye sou Dwa Fanmi an – **fòm 12.902(b) oswa 12.902(c)**
- Avi sou Nimewo Sekirite Sosyal – **fòm 12.902(j)**
- Paj Kouvèti pou Ka Tribinal Fanmi an – **fòm 12.928**
- Avi sou Ka ki Parèy yo – **12.900(h)**
- Deziyasyon Adrès Aktyèl ak Adrès Imèl – **fòm 12.915**
 - Si ou pa gen aksè a entènèt oswa yon kont imel, ou ka ranpli **Fòm 2.601, Demann pou yon Pati ki pa Reprezante pa yon Avoka Eskize w de Sèvis Imel**, ki se yon dokiman asèmante pou deklare ou pa gen entènèt oswa yon kont imel.

Aprè sa, y ap voye avi tribinal yo, dokiman yo, ak lòt dokiman ki depoze nan ka a ba ou pa lapòs.

Ki kote pou depoze dosye divòs ou a

Ou dwe depoze dokiman ki liste anwo a la nan konte kote lòt pati a abite a oswa kote nou te abite ansanm dènye fwa kòm mari oswa madanm. Grefye a ap ranpli Somasyon an ak yon so ofisyèl. Yo dwe remèt Somasyon an bay lòt pati a.

Pwosesis Somasyon an

"Somasyon" se pwosesis pou voye dokiman tribinal bay lòt pati a – anjeneral, se yon cherif ki delivre yo. Sa a enfòmè lòt pati a ke ka a te depoze epi li di yo kijan pou yo reponn ou menm ak tribinal la.

Aprè ou fin depoze ka a, grefye a ka ede w lè l voye dokiman yo bay cherif lokal la pou l ka remèt yo bay lòt pati a. Si grefye a voye dokiman yo bay cherif la, lè sa a cherif la ap pote papye yo bay lòt pati a, pou yo ka konnen ka a. Anjeneral, gen yon ti frè pou grefye a pou l fè aranjman pou l remèt yo bay ou. Yo ka egzante w de frè a si w kalifye pou estati endijan.

Si grefye a pa voye dokiman yo pou ou, ou pral bezwen voye yon kopi chak dokiman ou te depoze bay cherif la nan konte kote lòt pati a rete a pou cherif la ka konplete somasyon an.

Aprè Somasyon an: Mosyon, Repons, Kontwo-petisyon

Lè lòt pati a resevwa dokiman yo, li gen 20 jou pou l depoze yon repons alekri nan tribinal la epi voye yon kopi ba ou pa lapòs. Si lòt pati a pa depoze yon repons alekri, grefye a ka antre yon Jijman pa Defo kont li. Ou ka depoze tou yon Mosyon pou Defo, ki se yon demann alekri bay tribinal la pou l pran yon desizyon sou yon ka. Si lòt pati a pa janm patisipe nan ka a, tribinal la gen anpil chans pou l akòde Mosyon pou Defo ou a epi ou ka resevwa tout sa ou te mande nan petisyon ou an. Menm si lòt pati a gen yon defo ki antre kont li, li ka toujou parèt nan odyans lan.

Tribinal la ap vle asire li konnen sa ki nan pi bon enterè yon timoun anvan li pase yon lòd. Kidonk, pandan ka a toujou louvri, lòt pati a ka prezante prèv sou sa ki nan pi bon enterè timoun nan.

Yon lòt bò, si lòt pati a **depoze** yon repons alekri, y ap depoze yon **Repons**, ki ka gen ladan tou yon Kont-Petisyon. Lòt pati a pa oblije depoze yon Kont-Petisyon, sèlman yon Repons. Yon **Kont-Petisyon** se demann lòt pati a fè nan tribinal la. Ou dwe reponn a yon Kont-Petisyon lè w depoze yon Repons pou Kont-Petisyon. Ou dwe depoze Repons ou nan lespas 20 jou apati dat yo te ba ou dokiman an. Repons lan ap endike si ou dakò ou pa dakò oswa si ou pa kapab reponn akòz mank konesans. Ou ka reponn ak [Repons pou kont-petisyon an](#), fòm **12.903 (d)**.

Reponn yon Demann Divòs Konjwen ou Depoze

Si yon cherif oswa yon moun some w yon Petisyon pou Disolisyon Maryaj, ou ka depoze yon [Repons pou Petisyon pou Disolisyon Maryaj la](#) a travè **fòm 12.903 (b)**.

- Ou dwe depoze Repons lan nan lespas 20 jou pou yo evite pou yo pran yon desizyon kont ou.
- Si grefye a antre yon defo kont ou, ou ka pèdi dwa ou pou patisipe nan ka a epi ou ka dwe pansyon alimantè.
- Ou dwe depoze Repons ou a nan menm tribinal kote lòt pati a te depoze petisyon an epi voye yon kopi Repons ou a bay lòt pati a pa lapòs.

Si ou vle fè demann nan tribinal la, ou ta dwe depoze yon Repons ak yon Kontrepetisyon. Si ou pa depoze yon Kontrepetisyon, ou ka renonse dwa ou pou jwenn sa ou vle nan divòs la. Pa egzanp, si ou vle pansyon alimantè, ou ta dwe depoze yon Kontrepetisyon epi mande li. Ou ka itilize youn nan fòm Kontrepetisyon sila yo:

- Repons pou Petisyon ak Kontrepetisyon pou Disolisyon Maryaj ak Depandan oswa Timoun Minè, **fòm 12.903 (c)(1)**
- Repons pou Petisyon ak Kontrepetisyon pou Disolisyon Maryaj ak Byen men San Depandan oswa Minè, **fòm 12.903 (c)(2)**
- Repons pou Petisyon ak Kontrepetisyon pou Disolisyon Maryaj san Depandan ou Minè, oswa Pwopriyete, **fòm 12.903 (c)(3)**

Epitou ou dwe depoze yon Deziyasyon Adrès Aktyèl ak Adrès Imèl (**fòm 12.915**) pou yo ka remèt dokiman tribinal yo pandan ka a.

Divilgasyon Obligatwa

Karant-senk jou apre yo fin notifiye pati ki reponn lan, chak pati oblije echanje sèten dokiman finansye, tankou fichye peman ak deklarasyon taks. Dokiman ki nesesè yo ap nan lis sou Sètifika Konfòmite avèk Divilgasyon Obligatwa a, fòm 12.932.

- Pati yo pa depoze dokiman yo nan tribinal la; yo remèt yo bay lòt pati a.
- Si yon moun pa gen yon dokiman obligatwa sou lis la paske se pa yon bagay li te janm genyen, alòs p ap gen anyen pou l bay lòt pati a.
- Si yon dokiman sou lis la pa nan posesyon moun sa a men se yon bagay yo ka jwenn, tankou yon deklarasyon labank, moun nan bezwen pran dokiman an epi bay lòt pati a li.
- [Sètifika Konfòmite avèk Divilgasyon Obligatwa](#) se sèl dokiman ki depoze nan tribinal la. Ranpli fòm lan lè w mete yon chèk akote atik yo bay lòt pati a, answit siyen fòm lan sou sèman devan yon notè oswa yon grefye.

Konferans sou Jesyon Ka yo

Yon fwa chak pati fin depoze dokiman inisyal li yo, tribinal la ka pwograme yon Konferans sou Jesyon Ka a, yon odyans yon jij fikse pou asire ke ka a ap kontinye. Konferans sou Jesyon Ka a tipikman pa yon moman pou tribinal la resevwa prèv nan men pati yo. Tribinal la gen anpil chans pou verifye si dokiman nesesè yo nan dosye a nan men chak pati epi li ka pwograme medyasyon.

Medyasyon

Nan pifò ka dwa fanmi, tribinal la ap mande medyasyon. Medyasyon se yon pwosesis kote pati yo chita avèk yon twazyèm pati net pou travay sou rezoud ka yo san jij la. Medyatè a pa ka bay okenn pati konsèy legal. Medyasyon se yon pwosesis konfidansyèl kidonk si ou pa kapab rive nan yon akò nan medyasyon an, Jij la pap tande sa ou te ka diskite kòm aranjman posib.

Pati yo nan yon ka ka rezoud tout pwoblèm yo, kèk nan pwoblèm yo, oswa okenn nan pwoblèm yo nan medyasyon. Pwoblèm ki pa rezoud nan medyasyon yo, tribinal la ap trete yo nan yon odyans final oswa yon jijman.

Anjeneral, gen yon pri pou medyasyon, ke medyatè a touche(twazyèm pati net la).

Frè Avoka, Lajan Pwosè, ak Depans

Tribinal la ka bay lòd pou yon pati peye frè avoka ak depans tribinal rezonab lòt pati a. Tribinal la ap evalye sitiyasyon finansyè pati yo pou detèmine si yon pati bezwen lòt pati a peye depans yo, epi si pati sa a kapab peye depans sa yo.

Tribinal la kapab bay lòd tou pou yon pati peye frè avoka lòt pati a pou move konduit pandan litij la, pa egzanp, pa prezante nan yon medyasyon ki te pwograme.